

Take Care

New York City Test and Trace Corps

Janvye 2021

Apèsi sou Take Care

NYC Test & Trace Corps ap asire I ke nenpòt moun ki gen tè s COVID-19 li ki pozitif, ke li menm ak moun li te gen kontak sere ak yo jwenn resous ki nesesè pou yo mete tèt yo apa **nan yon otèl**, kote yo pa p peye anyen, **oswa lakay yo**, yon fason pou anpeche viris la simaye.

Enfòmasyon pou yon Moun Mete Kò l Apa san Danje nan yon Otèl Take Care

- Nouyòkè ki gen tès COVID-19 yo ki pozitif oswa ki te ekspoze a viris la kapab kalifye pou jwenn yon chanm otèl ki GRATIS pou jiska 10 jou, yon fason pou yo mete tèt yo apa san danje epi pou yo pwoteje moun ki konte pou yo yo.
- Si w chwazi pou w mete kò w apa nan yon otèl Take Care, yo pa p konsidere l anba règ sou chaj piblik la epi li pa p afekte onkenn lòt avantaj ou resevwa. Otèl ki nan pwogram Take Care yo pa pral afekte kapasite w pou aplike pou yon kat rezidans.
- Anplis, tretman medikal oswa sèvis swen sante prevantif ki gen rapò ak COVID-19 PA P konsidere anba règ chaj piblik la.
- **Nenpòt moun ka rele 1-212-COVID19 (212-268-4319) pou li rezève yon chanm.**

Enfòmasyon pou yon Moun Mete Kò I Apa san Danje nan yon Otèl Take Care

- Moun ki nan otèl yo ap jwenn bagay sa yo GRATIS:
 - Transpò ale-retou soti nan otèl la ak nenpòt randevou medikal ki nesesè yo
 - Chanm ak douch prive
 - Tès COVID-19 souplas
 - Entènèt wifi, kab televizyon, ak apèl lokal ilimite gratis pou yo ka rete konekte.
 - Manje nan maten, manje a midi, ak manje leswa chak jou (sa gen ladan tou manje pou moun ki vejetaryen ak moun ki nan relijyon juif)
 - Livrezon medikaman
 - Doktè ak enfimyè kalifye k ap bay sèvis swen sante souplas
 - Telesikyatri pou jwenn aksè ak espè ki bay swen sante mantal
- **Nenpòt moun ka rele 1-212-COVID19 (212-268-4319) pou li rezève yon chanm.**

Enfòmasyon pou yon Moun Mete Kò I Apa san Danje nan yon Otèl Take Care

- **Jwenn plis enfòmasyon nan:**
<https://www.nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care/>
- **Nenpòt moun ka rele 1-212-COVID19 (212-268-4319) pou li rezève yon chanm.**

Mete tèt ou apa san danje lakay ou – Resous

- NYC Test & Trace ap asire l ke tout moun ki gen COVID-19 oswa ki te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19 gen resous pou mete kò l apa san danje lakay li.
- Pou nou fè sa, nou travay ak **Navigatè Resous** yo atravè òganizasyon kominotè yo nan zòn kote w ap viv la.
- Yo ka ede w konekte ak resous ki nan vwazinaj ou.

Mete tèt ou apa san danje lakay ou – Resous

Resous GRATIS yo gen ladan yo:

- livrezon manje
- konje peye nan men patwon ou an
- èd pou w ka jwenn yon lòd pou w rete an karantèn
- medikaman
- asirans sante
- sèvis piblik (elektrisite, dlo, gaz)
- yon founisè swen sante prensipal
- sipò sante mantal
- èd pou vyolans domestik
- sèvis sosyal
- resous pou lojman ak moun ki sanzabri
- swen pou bèt kay
- Yon pake Take Care ki gen ase ekipman pwoteksyon pèsònèl pou yon fwaye ki gen twa moun mete tèt yo an karantèn oswa izole tèt yo pou 10 jou.
- ak plis ankò!

Mete tèt ou apa san danje lakay ou – Resous

- Nou travay ak Òganizasyon Kominotè (Community-Based Organizations, CBO) pou yo jwe wòl navigatè resous. CBO yo plis apwopriye pou fè travay sa paske yo:
 - Konprann kominote lokal ke y ap sèvi yo
 - Yo pale lang kominote a pale a
 - Yo gen eksperyans nan resous lokal yo, ki enpòtan anpil pou founi sèvis asistans ki apwopriye (wrap-around services)

Pwen enpòtan nan resous yo – Jwenn Manje

Gen yon sèvis livrezon manje nan kay an ijans ki disponib pou Nouyòkè ki nan bezwen pandan moman kriz COVID-19 la, si:

- Oumenm oswa onkenn moun ou konnen pa ka soti al pran manje a pou ou
- Ou pa gen kòb pou w achte manje oswa pou w fè makèt livre w manje
- Gen opsyon manje sou demann pou moun ki vejetaryen, ki fè pati relijyon juif, mizilman, moun ki soti nan amerik latin ak azyatik.

Pou w anrejistre pou livrezon manje an ijans:

- Pale ak Navigatè Resous ou a
- Rele **Liy Test & Trace Corps la nan 1-212-COVID19 (1-212-268-4319)**. Peze 5 pou Resous, epi peze 5 pou w kite yon mesaj pou yon Navigatè Resous ka ede w. Yon Navigatè Resous ap retounen w apèl la epi l ap ede w enskri.
- Enskri sou entènèt nan nyc.gov/getfood oswa rele 311 epi di "Get Food" (jwenn manje).

Pwen ki enpòtan nan resous la - Pake Take Care a

- Pake 'Take Care' a ofri pou tout ka ki pozitif ak moun ki te an kontak avèk yo.
- Li gen ladann ase ekipman pwoteksyon endividyèl pou yon kay ki gen 3 moun ladann pou yo mete tèt yo an karantèn pandan 10 jou.
- Sa gen ladan l mas medikal ki apwopriye, likid dezenfektan pou men, tèmomèt, yon aparèy ki sèvi ak dwèt pou kontwole nivo oksijèn pou sila yo ki te gen tè COVID-19 yo ki pozitif yo ka kontwole nivo oksijèn yo.
- Kontak yo gendwa mande tou yon kit depistaj pou lakay.



Mete tèt ou apa lakay ou – Kòman pou w rantre an kontak ak resous yo?

- Si oumenm oswa yon manm nan kominote w la gen COVID-19, oswa si li te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19, yo ap ofri yo yon referans Navigatè Resous.
- Nenpòt moun ka rele 1-212-COVID19 (212-268-4319), peze 5 pou separe tèt ou apa san danje lakay ou, epi peze 5 pou w kite yon mesaj vokal pou lòt resous yo. Yon Navigatè Resous ap retounen w apèl la.
- Ou ka ale sou sit entènèt Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) pou w jwenn resous espesifik pou vil la ak vwazinaj ou nan:
<https://www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19-communities.page>

Diskisyon ak Kesyon

NYC
HEALTH+
HOSPITALS



Livrezon Metadòn (Methadone)

- Nouyòkè ki gen tè COVID-19 li ki pozitif oswa ki te ekspoze a viris la epi ki an karantèn oswa an izòlman kapab resevwa livrezon Metadòn nan otèl la oswa lakay li. Livrezon an disponib tou pou moun ki gen 50 lane oswa plis epi ki gen yon kondisyon sante ki mete yo nan yon gwo risk pou yo malad grav.
- Kòman pou w planifye livrezon Metadòn lan:
 1. Si ou an karantèn oswa an izòlman nan otèl ki nan pwogram Take Care a, yon travayè sosyal ki sou plas ap aranje l pou livrezon metadòn lan nan otèl la.
 2. Si ou an karantèn oswa an izòlman lakay ou, yon Navigatè Resous ka ba w yon referans pou yo ka fè yon fason pou yo livre w metadòn lan lakay ou. Ou kapab rele tou klinik metadòn ou an epi mete yo okouran ke ou bezwen livrezon adomisil.